

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Kasénian Ronggégng Tayub Kaléran atawa disingget RTK mangrupa salasahiji kasénian nu hirup tur mekar di Kabupatén Ciamis, hususna di Ciamis Kalér, pernahna di Désa Mekarsari Kacamatan Tambaksari. RTK mangrupa seni hiburan masarakat dina widang tari anu miboga ciri has pola pintonan gerakan pasangan antara ronggégng jeung nu ngibing lalaki. Pola gerakan spontan nuturkeun wirahma musik tapi tetep merhatikeun unsur étika jeung éstétika anu luhur.

Dumasar kana sajarahna kasénian RTK geus aya ti taun 1936. Anu mimiti naratas ieu kasénian nyaéta Aki Wilasri. Kasénian RTK asalna tina tilu kecap nyaéta *ronggégng*, *tayub*, jeung *kaléran*. *Ronggégng* hartina palaku awéwé anu fungsina pikeun ngawih jeung ngibing. Kecap *tayub* minangka objék seni anu hartina seni hiburan pikeun lalaki anu ngadatangkeun para ronggégng. Kecap *kaléran* nuduhkeun idéntitas wilayah anu aya di Ciamis beulah Kalér. Jadi anu disebut kasénian RTK téh mangrupa kasénian hiburan masarakat dina widang tari pikeun lalaki anu ngadatangkeun para ronggégng nu aya di wilayah Ciamis Kalér.

Prak-prakan pintonan kasénian RTK ngawengku tilu undakan, nyaéta *pra* pintonan, *prungna* pintonan, jeung *pasca* pintonan. Tahapan *pra* pintonan nyaéta tatahar waditra gamelan, nyadiakeun sasajén, kagiatan dzikir, tatalu jeung pamapag. Tahapan *prungna* pintonan ngawengku lima bagéan nyaéta lagu bubuka, ibing lulugu, tayuban, ibing tambahan, jeung lagu panutup. Tahapan *pasca* pintonan nyaéta bébérés waditra gamelan nepi ka diikut deui ka tempatna.

Ajén-inajén anu nyampak dina kasénian RTK, nyaéta:

1. hakékat hirup, cara nyanghareupan kahirupan sangkan bisa bagja, kudu ihtiar jeung usaha pikeun hirup jadi leuwih hadé, sarta sangkan meunangkeun kasalmetan dunya jeung ahérat;
2. hakékat karya, patali jeung hal-hal anu diciptakeun ku manusa, katitén dina kasénian RTK ayana tujuh unsur budaya nyaéta sistem réligi (kagiatan ritual, kagiatan dzikir, ma'na lagu bubuka Kembang Gadung, Kidung, jeung

Dengkleung, sarta ajén moral), sistem organisasi masarakat (ajén sosial jeung ajén politis), sistem pangaweruh (pangaweruh ngeunaan alam, waktu, ruang, jeung sifat-sifat tingkah paripolah manusa), basa (basa Sunda, basa Jawa, jeung basa Arab dina rumpaka lalaguan kawih), kasenian (ajén éstétika (waditra, juru kawih, ronggéng, raksukan), sarta ajén rékréasi), sistem pakasaban (ajén ékonomi (waragad, sawéran, bonus), sarta ajén kaadilan), sarta sistem téhnologi jeung pakakas (pakakas, alat komunikasi, raksukan, alat transportasi, jeung properti);

3. hakékat kalungguhan manusa dina ruang jeung waktu, katitén tina ieu kasenian anu ilaharna dipintonkeun peuting, ti jam 20.00 nepi ka jam 24.00. Ieu kasenian ogé biasana dipintonkeun dina upacara adat Nyacarkeun Jalan anu dilaksanakeun antara 12 Sapar nepi ka 12 Mulud pikeun miéling datangna bulan Mulud. Kasenian RTK asup dina runtuyan acara hiburan, anu dilaksanakeun sanggeus acara ritual. Biasana kasenian RTK dipintonkeun ti jam 10.00 nepi ka jam 15.00.
4. hakékat hubungan manusa jeung alam sabudeureunana, nuduhkeun manusa salaku mahluk ciptaan Gusti Alloh miboga kalungguhan anu leuwih luhur batan mahluk séjénna, tugas manusa nyaéta pikeun miara jeung ngajaga alam; sarta
5. hakékat hubungan manusa jeung sasamana, hartina yén unggal jalma téh silih mikabutuh, silih tulungan, babarengan, sauyunan, jeung nu séjénna sarta moal bisa hirup nyorangan.

## 5.2 Implikasi

Hasil tina ieu panalungtikan, pikeun masarakat umum dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kasenian nu aya di tatar Sunda, salasahijina kasenian RTK nu aya di daérah Ciamis Kalér. Pikeun dunya atikan, hususna guru basa Sunda, bisa jadi alternatif pikeun bahan pangajaran. Bahan pangajaran bisa dicokot tina sagala hal nu aya di sabudeureun kahirupan. Sangkan siswa teu bosén, guru kudu parigel dina ngokolakeun bahan pangajaran, salasahijina ngaliwatan pintonan kasenian nu aya di daérahna anu bisa nambahan pangaweruh siswa sarta mangrupa tarékah dina ngariksa kabudayaan, hususna kabudayaan Sunda.

### 5.3 Rékoméndasi

Dumasar hasil panalungtikan, masih kénéh aya pasualan-pasualan ngeunaan kasenian RTK anu can kaguar ku panalungtik. Ku kituna, dipiharep sangkan aya panalungtikan satuluyna pikeun ngaguar pasualan-pasualan nu can kungsi dipedar dina ieu panalungtikan. Pikeun pihak-pihak nu patali jeung widang kabudayaan saperti sanggar seni, dipiharep bisa leuwih ngarojong kana kasenian RTK, bisa ngadokuméntasikeun, sarta ngarévitalisasi ieu kasenian pikeun kapentingan atikan, pariwisata, sarta salaku seni pintonan nu mibanda édukasi ngeunaan kabudayaan. Pikeun pamaréntah saperti Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Provinsi Jawa Barat ogé Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Kabupatén Ciamis, kasenian RTK salaku kabudayaan daérah, dipiharep ayana tarékah ti pamaréntah pikeun ngarojong ieu kasenian sangkan tuluy mekar ogé bisa leuwih dipikawanoh ku masarakat umum, boh masarakat Ciamis boh masarakat luar Ciamis. Pikeun masarakat umum, dipiharep sangkan tetep ngarojong, mikaresep kana ieu kasenian, sarta ulah nepi ka mopohokeun kana budaya sorangan.

Kasenian RTK tangtu bakal salawasna hirup tur mekar saupama para generasi ngora daék ngajaga, ngamekarkeun, tur ngawariskeun ka generasi satuluyna. Koncina nyaéta kudu bisa ngigelan jaman sangkan masarakat bisa tetep mikaresep kana ieu kasenian. Ieu kasenian mangrupa hasil karya urang Sunda, hususna masarakat Ciamis Kalér. Tangtu salaku urang Sunda kudu reueus kana budaya sorangan, ulah ngarasa géngsi atawa éra dina ngajaga, ngamekarkeun, tur ngawariskeun budaya Sunda. Ku kituna, sakabéh élémén nyaéta seniman, budayawan, masarakat, sarta pamaréntah kudu silih rojong pikeun lumangsungna ieu kasenian sangkan teu tumpur ku mekarna jaman.